

Politik Asistans Finansye Pou Pasyan Lopital Reading

Rezime Politik Asistans Finansye Pou Pasyan

Nicklaus Children's ap travay pou bay swen sante ki gen bon kalite, aksesib, ak konpasyon pou tout moun. Yo rekonèt gen pasyan ak fanmi ki ka bezwen asistans finansye pou peye sèvis sante. Se poutèt sa, Nicklaus Children's ofri asistans finansye pou pasyan pou asire tout moun ka jwenn swen sante ki gen bon kalite.

Kiyès Ki Ka Jwenn Asistans & Ki Sa Yo Ofri

- Pasyan ki pa kalifye pou Medicaid oswa ki pa satisfè kritè Medicaid yo ka aplike pou pwogram Asistans Finansye Nicklaus Children's. Ou ka soumèt aplikasyon an ak dokiman ki nesesè bay reprezantan sèvis finansye Nicklaus Children's oswa voye li nan adrès ki sou aplikasyon an.
- Gid Federal sou Povrete yo mete ajou chak ane epi yo sèvi pou detèmine si ou kalifye pou asistans finansye. Yo pral mande ou bay prèv revni kay la ak non tout moun ki abite nan kay la. Enfòmasyon sa yo sèvi pou idantifye ki kote kay la tonbe nan Gid Federal sou Povrete (FPL). Kategori FPL la ap detèmine kantite ou pral peye pou bòdwo medikal ou. Pou pasyan ki depase 400% FPL, yo aplike pousantaj pou moun ki pa gen asirans. Pousantaj sa a se 50% sou kantite yo jeneralman faktire epi yo aplike lè ou fè premye peman an.

Kijan Pou Aplike Pou Asistans Finansye Pou Pasyan

- Ou ka jwenn kopi konplè politik Asistans Finansye Pasyan ak aplikasyon an gratis si ou voye imèl bay nicklauscustomerservice@ensemblehp.com oswa rele 860-963-6337.
- Pasyan ka mande pou konsidere asistans finansye nan 240 jou apre premye deklarasyon pasyan an.
- Si ou bezwen èd pou aplike, ou ka kontakte pa imèl nan nicklauscustomerservice@ensemblehp.com oswa rele 888-538-3036.